



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 07/11/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN PWOJÈ LWA KI SEKIRIZE PLAS ETA NEW YORK NAN KONVANSYON VÒT POPILÈ NASYONAL LA

Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen jodi a pwojè lwa ki sekirize plas New York nan lis eta yo ki te rantre nan konvansyon Vòt Popilè Nasyonal la (National Popular Vote compact). Ak siyati pwojè lwa sa, Gouvènè Cuomo ap chèche garanti ke chak vòt nan chak eta pral konte nan chak eleksyon prezidansyèl yo.

Dokiman lwa a (S.5478/A.6044) modifye [pwojè lwa ki te siyen](#) pa Gouvènè Cuomo an 2014 ki te ajoute New York nan yon akò ant eta yo kote eta manm yo te angaje pou bay vòt elektoral yo an pou prezidan bay kandida ki resevwa yon majorite nan vòt popilè nasyonal la. Pwojè lwa orijinal la te ekzije ke yo retire New York nan konvansyon an nan fen 2018 si yo pa't adopte akò a sou plan nasyonal. Nouvo mezi a retire dat ekspirasyon an epi kenbe New York sou lis eta yo ki ap sipòte an pèmanans Vòt Popilè Nasyonal la.

“Aksyon sa pral ede nou asire ke chak vòt trete egalman epi mete New York sou devan sèn batay la pou eleksyon ki pi jis, epi ranfòse demokrasi nou an,” **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nan fè vòt popilè nasyonal la yonn ki obligatwa sa pral pèmèt yo koute tout vwa yo epi ankouraje kandida yo pou fè apèl a moun k'ap vote yo nan tout eta yo.”

Ak siyati Konvansyon Vòt Popilè Nasyonal la, New York pwomèt pou li bay 29 vòt elektoral li yo bay moun ki ranpòte vòt popilè nasyonal la nan TOUT 50 Eta yo plis Distrik Columbia, men l'ap aplikap sèlman lè gen ase lòt eta ki adopte menm pwojè lwa a pou konstitiye yon majorite ki gen 538 vòt Kolèj Elektoral yo. Konvansyon an genyen aktyèlman 165 vòt sou 270 vòt elektoral ki nesesè yo (61 pousan).

Yon amandman konstitisyonèl federal pa obligatwa pou mete chanjman sa an vigè, pliske Atik II, Seksyon 1 nan Konstitisyon Etazini an bay eta yo plen pouvwa pou yo bay vòt elektoral yo nan nenpòt fason ke yo chwazi. Aktyèlman, tankou 47 lòt eta yo, New York itilize metòd “venkè a pran tout” kote moun ki ranpòte vòt popilè a nan Eta New York resevwa tou vòt elektè li yo. Metòd sa te itilize pa sèlman 3 eta nan lane 1789.

Pwojè lwa Vòt Popilè Nasyonal la adopte prensip bazik jistis yo nan eleksyon. Nan sistèm aktyèl “venkè a pran tout” lan, kandida Prezidansyèl yo kapab pa okipe seryezman eta Repibliken ak eta Demokrat yo, tankou New York, epi konsantre tout atansyon ak resous yo sou yon gwoup eta desizif ke yo chwazi. Kidonk, kandida yo pa

gen okenn rezon pou konsantre yo sou pakèt pwoblèm ki enpòtan pou plizyè milyon Nouyòkè yo atravè eta a. Sistèm aktyèl lan divize peyi a yon fason atifisyèl nan eta wouj, ble, ak nivo egal yo. New York se yon viktim sistèm sa malgre li klase 4yèm nan peyi a ak plis pase 13 milyon elektè valab, New York te klase an dènye nan depans pou kanpay Prezidansyèl yo.

Senatè Joseph Griffo te deklare, “Pliske Jou Eleksyon an rive finalman, chak Nouyòkè vle konnen ke vòt yo an pou Prezidan yo pral konte pou deside avni peyi nou an. Mwen fyè pou mwen sipòte pwojè lwa sa ki pral pèmèt Eta New York rejwenn Konvansyon Vòt Popilè Nasyonal la, epi amandman sa ke Gouvènè an te siyen jodi a, li pral bay kounye a plis eta tan ase pou kapab rejwenn akò sa ant eta yo. Yon konvansyon vòt popilè nasyonal pral fè New York vin enpòtan, pou ke yo pa kapab inyore nou oswa pran nou pou piyay, pandan ke kandida yo olye de sa yo ap batay sou eta desizif “venkè pran tout yo” ki istorikman te deside kilès ki te eli prezidan. Nan 21yèm Syèk lan, chak vòt ta dwe konte reyèlman, epi pwojè lwa sa pral ede reyalize ideyal demokratik sa nan yon fason ki respekte Konstitisyon an.”

Jeffrey Dinowitz, ki se Manm Asanble, te deklare, “Se sèlman nan pi gwo demokrasi nan mond lan, ke moun ki resevwa plis vòt yo pou Prezidan se pa li ki nesèsman venkè a. Vòt Popilè Nasyonal la pral chanje sa, epi li pral vle di ke chak vòt Ameriken nan chak eta pral konte yon fason egal. Aktyèlman, New York se yon espektatè nan eleksyon Prezidansyèl yo, kote kandida yo pase plis tan nan eta desizif yo. Se lè pou pwoblèm New York yo konte – pou Nouyòkè yo konte. Mwen fyè pou mwen sipòte Vòt Popilè Nasyonal la nan New York epi mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo poutèt li siyen pwojè lwa sa ki pral kenbe konvansyon Vòt Popilè Nasyonal la an plas nan New York.”

Konvansyon an te pwomilge kounye a atravè pwojè lwa a nan 10 eta yo: California, Hawaii, Illinois, Maryland, Massachusetts, New York, New Jersey, Rhode Island, Vermont, ak Washington, epi tou Washington D.C.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418